

# ILWA KI GEN RAPÒ AK FÒMASYON, EVALYASYON AK ATRIBISYON ENTÈPRÈT KALIFYE NAN DOMÈN EDIKASYON

H. 437 (Dân Biểu Cabral), S. 253 (Thượng Nghị Sĩ. Crighton)

## Deskripsyon

Lwa sa a mande pou Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) **ogmante plis aksè ak entèprèt nan lekòl ki kalifye**, devlope yon sistèm pou fòmasyon ak evalyasyon sou kalifikasyon entèprèt yo nan domèn edikasyon. Pwojè lwa a otorize DESE pou adopte tout règleman ki nesesè pou administre sistèm nan. Enplemantasyon an ap fèt nan plizyè faz, sou rezèv apwopriyasyon.

Pwojè lwa sa a enkòpore rekòmandasyon inanim Gwoup Travay Entèprèt Lekòl DESE a ki te fòme daprè seksyon 81 chapit 154 nan Lwa 2018 yo. Gwoup Travay la te enkli administratè distri lekòl la, edikatè, defansè paran yo, ak yon direktè pwogram fòmasyon pou entèprèt yo.

## Poukisa li enpòtan

Prèske 30% nan elèv atravè Commonwealth la soti nan fanmi ki gen yon lang prensipal ki pa Anglè. Malgre egzijans lwa federal pou ofri sèvis entèprèt konpetan, fanmi nan Commonwealth la kontinye ap fè fas ak gwo obstak ki gen rapò ak lang. Pwoblèm ki soti nan obstak sa yo vin pi grav akoz enpak pandemi COVID-19 la te genyen yo sou kominate imigran yo.

Plizyè distri eskolè konte sou anplwaye ki pa gen fòmasyon oswa sou volontè ki pa kalifye kòm entèprèt e ki pa prepare pou entèprete yon fason ki efikas. Enfòmasyon say o enpòtan pou paran yo pran desizyon ki enfòme sou edikasyon ptit yo. Anplwaye sa yo souvan pa abitye ak tèminoloji ki itilize a epi yo ka pa pale tou de lang yo byen, poutan yo mande yo entèprete pou reyinyon konsènan ekspilsyon, edikasyon espesyal, ak lòt dosye enpòtan. **Sa afekte dirèkteman aksè ptit yo a pou yo jwenn yon bon kalite edikasyon ki apwopriye.**

Pwojè lwa sa a pral ede distri yo aplike egzijans pou aksè nan lang lwa federal ak eta yo mete anplas. Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Dwa Sivil (OCR) deklare ke lekòl yo dwe: "bay yon asistans lengwistik efikas bay paran elèv ki gen konpetans limite nan Angle (LEP) yo ak anplwaye apwopriye, konpetan... **Li pa ase pou anplwaye yo tou senpleman bileng.**" OCR te klarifye ak plis detay ke moun k'ap aji kòm entèprèt yo dwe resevwa fòmasyon nan etik entèprèt, konfidansyalite, epi yo dwe gen konesans nan tèm ak konsèp ki espesyalize nan tou de lang yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Diana Santiago nan [dsantiago@massadvocates.org](mailto:dsantiago@massadvocates.org)



## Endorsing Organizations



TRUE ALLIANCE CENTER  
Advocates for the Haitian Community

**MLRI**

MASSACHUSETTS  
LAW REFORM  
INSTITUTE



MassFamilies  
*leadership training for a world  
where everyone belongs*



The Education Trust



Mental Health Legal Advocacy Committee  
**MHLAC**

Higher  Ground  
BOSTON



Massachusetts | Center for  
**APPLESEED** Law & Justice



Boston Education  
Justice Alliance

Northeast  
Justice Center  
AN AFFILIATE OF NORTHEAST LEGAL AID

Central West  
Justice Center  
AN AFFILIATE OF COMMUNITY LEGAL AID

 MetroWest Legal Services  
Protecting rights. Improving lives.

 MIRA  
Massachusetts  
Immigrant & Refugee  
Advocacy Coalition

 FEDERATION FOR CHILDREN  
WITH SPECIAL NEEDS



  
Multistate Association for  
Bilingual Education-Northeast

  
**KIND**  
KIDS IN NEED OF DEFENSE



**CITIZENS  
for PUBLIC  
SCHOOLS**

  
Lawrence  
COMMUNITY WORKS

  
**FORTALEZA**



**TEEN  
EMPOWERMENT**

 MASSACHUSETTS  
EDUCATION JUSTICE  
ALLIANCE

  
**FAMILIES  
FIRST**



  
STONE HOUSE